

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Setting panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjek panalungtikan, jeung waktu dilaksanakeunana panalungtikan.

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Negeri 16 Bandung nu perenahna di jalan P.H.H Mustopa No.53 Bandung.

3.1.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Murid SMP Negeri 16 Bandung kelas VIII.3 nu jumlah siswana aya 29 nu diantarana nya éta siswa awéwé 18 jeung siswa lalaki jumlahna 11 siswa.

3.1.3 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan dilaksanakeun salila sabulan nya éta bulan mei 2012, Anapon jadwal jeung waktu leuwih gembलग nyampak dina tabél di handap ieu :

No.	Kegiatan	Waktu
1	Pra-panalungtikan	11 Mei 2012
2	Siklus I	18 Mei 2012
3	Siklus II	25 Mei 2012

3.2 Desain Panalungtikan

Metode panalungtikan gedé pangaruhna sabab dibutuhkeun pisan dina hiji panalungtikan, hal ieu sangkan panalungtik bisa ngaguar leuwih jero maksud tina panalungtikanana. Ku kituna, dina panalungtikan dibutuhkeun pisan metode panalungtikan sangkan data tina hasil panalungtikan leuwih hadé.

Metode dina ieu panalungtikan nya éta Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). Tujuan tina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngungkulan pasualan nu aya di kelas. Sakumaha diébréhkeun ku Kemmis dina Wiriaatmadja (2005:12) nétélakeun panalungtikan tindakan nya éta hiji wangun inkuiri reflektif nu dilakukeun sacara babarengan ngeunaan ngaronjatkeun situasi sosial (kaasup pendidikan) pikeun ngaronjatkeun rasionalitas keung kaadilan dina: a) kagiatan prakték sosial atawa pendidikanana, b) Pamahaman kana kagiatan-kagiatan prakték pendidikan ieu, c) situasi nu ngarojong lumangsung kagiatan prakték éta.


Panalungtikan tindakan kelas nya éta kumaha sakelompok guru bisa ngaorganisasikeun kondisi prakték pangajaranana, jeung diajar tina pangalamanna sorangan. Guru bisa ngasupkeun hiji gagasan kana prakték pangajaranana, sarta néang pangaruh nyata tina éta upaya.

Sangkan leuwih gembleng, baris dipedar wangenan PTK sacara etimologis nya éta:PTK dina bahasa inggris hartina Classroom Action Research, disingkat jadi CAR. Ku kituna aya tilu kecap nu ngawangun wangenan PTK, ku kituna aya tilu wangenan saperti nu diébréhkeun ku Aqib (2006:12) yén :

1. Panalungtikan nya éta kagiatan nu nala'ah hiji objek, pikeun meunangkeun data atawa informasi nu mangpa'at sangkan ngaronjatkeun mutu tina hiji hal nu ngirut ati jeung penting pikeun panalungtik nu ngagunakeun metode atawa aturan metodologi nu tangtu.
2. Tindakan nya éta hiji gerak kagiatan nu ngahaja dilakukeun pikeun ngahontal tujuan nu tangtu, wangun tina ieu panalungtikan mangrupa susunan siklus kagiatan.
3. Kelas nya éta sakelompok siswa nu dina hiji waktu narima atikan ti saurang guru.

Tina sababaraha wangenan diluhur, bisa katitén yén PTK mangrupa hiji tala'ah kana kagiatan pangajaran dikelas anu tujuanana sangkan ngungkulan pasualan sarta aya tarékah pikeun ngaronjatkeun pangajaran dikelas.

Aya Sababaraha modél PTK nu biasa di paké di dunia pendidikan, salasahijina nya éta modél Kemmis jeung Mc Taggart dina Arikunto, (2006:97) anu ngawengku opat tahapan dina hiji siklus, saperti digambarkeun dina bagan dihandap ieu:



Gambar 3.1

Modél Panalungtikan Tindakan Kelas

Opat léngkah di luhur mangrupa hiji siklus, hartina sabada léngkah ka opat, balik deui ka léngkah hiji jeung satuluyna. Upama dina panalungtikan ka hiji, hasil panalungtikan teu ngaronjat. Ku kituna, kudu diteruskeun ka siklus ka dua ngaliwatan opat léngkah nu diantarana: planning, acting, observing, reflecting. Sacara gembler, tindakan nu dilakukeun dina panalungtikan tindakan kelas saperti digambarkeun dina bagan, ngaliwatan tahap saperti dihandap ieu:

Tahap hiji: *Planning*, nya éta nyusun rarancang tindakan.

Dina tahap nyusun rarancang, nu medar ngeunaan naon, naha, iraha, dimana, ku saha jeung kumaha éta tindakan lumangsung. Panalungtik nangtukeun titik-titik fokus perhatian kana kajadian nu kudu diperhatikeun, saterusna nyieun instrumen pikeun ngadeudeul panalungtik niténan fakta nalika proses ngajaran lumangsung.

Tahap dua: *Acting*, nya éta pelaksanaan tindakan.

Pelaksanaan tindakan nya éta implementasi, atawa nerapkeun eusi rarancang kana kagiatan pangajaran. Dina tahap ieu, antara pelaksanaan nu dilaksanakeun ku guru kudu luyu jeung nu geus dirarancang saméméhna. Upama aya modifikasi, tapi teu ngarubah atawa kaluar tina prinsipna.

Tahap tilu: *Observasi* nya éta niténan

Bagian ieu dilakukeun pikeun ngumpulkeun data bukti hasil tindakan sangkan panalungtikan bisa dievaluasi jeung dijadikeun landasan dina ngalakukeun refleksi. Tahap niténan dilakukeun ku panitén atawa disebut ogé observer. Observer niténan lumangsungna kagiatan pangajaran boh aktivitas guru boh aktivitas siswa di kelas nu dituliskeun dina instrumen panalungtikan nu ngawengku lambar aktivitas guru, lambar aktivitas siswa jeung catétan lapangan.

Tahap opat: *Réfleksi* atawa pantulan

Dina tahap refleksi dilakukeun analisis data ngeunaan prosés, pasualan, jeung bangbaluh dina kagiatan panalungtikan anu saterusna ngalakukeun refleksi kana dampak pelaksanaan tindakan nu baris dilaksanakeun.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan Operasional saperti ieu di handap.

1. Kamampuh Nulis

Kamampuh nulis nya éta kamampuh neupikeun gagasan, eusi pikiran dina wangun tinulis.

2. Éséy

Ésén nyaéta karangan pondok nu medar pasualan dumasar kana pamadegan panulis.

3. Pamarekan *Contextual Teaching Learning*

Pamarekan *Contextual Teaching Learning* nyaéta salah sahiji pamarekan pangajaran nu matalikeun materi nu diajarkeun jeung kahirupan sapopoé siswa sarta ngarojong penerapan ilmu pangawaruh kana kahirupan sapopoé.

d. Tipe *Inquiry*

Nya éta mangrupa kagiatan inti tina pangajaran *Contextual Teaching Learning*

Jadi, maksud panalungtikan pamarekan *Contextual Teaching Learning* tipe *Inquiry* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis éséy ka kelas VIII.3 SMP Negeri 16 Bandung teun ajaran 2011-2012, nya éta pikeun ngukur ngaronjat henteuna kamampuh nulis éséy ngaliwatan tés nulis éséy maké jejer kalawan bebas luyu jeung kayaan lingkungan siswa.

3.5 Alat Ngumpulkeun Data

Alat ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta 1) Lambaran tés, 2) lambaran Observasi, 3) catetan lapangan.

3.5.1 Lambaran Tés

Tés mangrupa sababaraha patalékan atawa latihan pikeun ngukur kamampuh pangaweruh intelegensi jeung kaparigelan nu di piboga ku individu atawa kelompok. (Arikunto, 2006:150).

Ku kitunadina ieu panalungtikan, pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy nya éta ngagunakeun lambaran tés.

Tabel 3.1

Tés Nulis Éséy

Jieun karangan éséy nu jejerna bisa dicokot tina kahirupan sapopoé hidep. Pang saeutikna 5 poko pikiran nu dimekarkeun jadi karangan éséy ngagunakeun basa nu merenah!

Pikeun ngukur hasil tés nulis éséy, baris ditangtukeun format peunteun nu nangtukeun tuntas henteuna kamampuh nu dipimilik siswa boh dina tés awal jeung tés akhir.

Tabél 3.2
Format Penilaian Nulis Éséy

Wasta :

Kelas :

Komponén Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Indikator Kamampuh
Eusi	30-27	Hadé Pisan	Maham pisan, jembar jeung lengkep, nyusun, luyu jeung judul.
	26-22	Hadé	Maham, jembar jeung lengkep, nyusun, luyu jeung judul, najan kurang <i>terperinci</i>
	21-17	Sedeng	Pahaman kurang, kurang lengkep, kurang nyusun, kurang <i>rinci</i>
	16-13	Kurang hadé	Teu maham kana eusi, teu nyusun, teu cukup pikeun diajén.
Éjahan	5	Hadé pisan	Ngawasa pisan kaédah panulisan kecap jeung éjahan
	4	Hadé	Ngawasa kaédah panulisan kecap jeung éjahan kalawan saeutik kasalahan
	3	Sedeng	Kurang ngawasa kaédah panulisan kecap jeung éjahan kalawan loba kasalahan.
	2	Kurang hadé	Teu ngawasa kaédah panulisan kecap jeung éjahan; tulisan rada hésé dibaca, teu cukup pikeun diajén.
Organisasi	20-18	Hadé pisan	Rapi, gembleng pisan; beunghar ku gagasan, urutanana logis, kohesina

			luhur.
	17-14	Hadé	Rapi jeung gembler; jelas, beungar ku gagasan, urutanana kurang logis, kohesina kurang.
	13-10	Sedeng	Kurang rapi, teu jelas, saeutik gagasan; kurang logis, kohesi kurang.
	9-7	Kurang hadé	Teu rapi teu <i>teratur</i> , saeutik gagasan, urutanana teu logis, kohesina rendah.
Diksi	20-18	Hadé pisan	Jembar pisan, pamakéan kecap éféktif pisan, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap.
	17-14	Hadé	Jembar, pamakéan kecap éféktif, pamilihan kecapna merenah
	13-10	Sedeng	Sedeng, kurang éféktif, kurang ngawasa dina ngawangun kecap, pamilihan kecap kurang merenah
	9-7	Kurang hadé	Teu éféktif, teu maham dina ngawangun kecap, teu ngawasa kekecapan
Basa	25-18	Hadé pisan	Ngawasa pisan tatabasa, saeutik kasalahan dina maké jeung nyusun kalimah jeung kecap.
	21-18	Hadé	Pamakéan jeung panyusunan kalimah nu sederhana, saeutik kasalahan tatabasa, teu ngaleugitkeun makna.
	17-11	Sedeng	Hésé dina maké jeung nyusun kalimah sederhana, kasalahan tatabasa teu ngaleungitkeun makna.
	10-7	Kurang hadé	Teu ngawasa pamakéan jeung panyusunan kalimah, teu komunikatif,

			teu cukup pikeun dipeunteun.
Jumlah Skor	100-34		

Sumber : Jacobs, H. L. Dkk. 1981.

Tabél 3.3

Kategori Nilai Dumasar KKM

Peunteun	Katerangan
$72 \geq$	Tuntas
$72 \leq$	Can tuntas

3.5.2 Lambaran Observasi

Observasi ngawengku kagiatan museurkeun perhatian kana hiji objek kalawan ngagunakeun *indera* sacara gembलग. (Suyatna, 2002:20). Ku kituna, dina ieu observasi aya lambaran obsérvasi anu mangrupa salasahiji instrumen nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panaluntikan. Aya sababaraha format lambar observasi dina ieu panalungtikan nya éta lambaran observasi aktivitas guru jeung lambaran observasi aktivitas siswa.

a. lambaran Observasi Aktivitas Guru

Lambaran Observasi Aktivitas Guru mangrupa salasahiji alat pikeun ngumpulkeun data. Observer niténan jeung ngaévaluasi panalungtik (Guru) nalika kagiatan pangajaran lumangsung.

Tabél 3.4
Lambaran Observasi Aktivitas Guru

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Standar Kompetensi : 8.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, Éséy, laporan, sisindiran dan guguritan.

Kompetensi Dasar : 8.4.2 Menulis Éséy

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Komentar
1	Bubuka a. Ngaabsénkahadiransiswa b. Mérémotivasi kasiswangeunaan pangajaran c. Ngajelaskeun Kompetensi Dasar nu kudu di hontalkusiswa			
2	Kegiatan Inti a. Guru matalikeun kaayaan lingkungan sabudeureun siswa jeung materi pangajaran nu geus di pedarsa méméh najeung materi nulis Éséy b. Guru medar geunaan Éséy jeung méré conto karangan Éséy c. Méré kasempet kasiswa pikeun nanya d. Méré pancén nyieun karangan Éséy nu téman sabudeureun lingkungan siswa e. Ngabimbingsi swa nalika nyieun Éséy			

3	Panutup a. Mérépedaransacara umum kana hasil karya siswa			
Jumlah				
Presentase				

Keterangan : Bérétanda *check list* (√) dina kolom YA lamunkatiténdilaksanakeun, atawa dina kolom TIDAK lamunteukatiténdilaksanakeun.

Catetan Observer :

.....

Observer

Bandung, Mei 2012
 Panalungtik,

Dea Shaleha

NIP/NIM.

NIM.0801181

b. Lambaran Observasi Aktivitas Siswa

Lambaran Observasi Aktivitas Siswa mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data. Observer niténan aktivitas siswa nalika kagiatan diajar lumangsung.

Tabél 3.5

Lambaran Observasi Aktivitas Siswa

Wasta Observer :

Dea Shaleha, 2012

Pamarekan *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry* Pikeun Ngronjatkeun Kamampuh Nulis Essey

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- Poé, Ping** :
- Jam** :
- Standar Kompetensi** : 8.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk surat, Éséy, laporan, sisindiran dan guguritan.
- Kompetensi Dasar** : 8.4.2 Menulis Éséy

No	Aktivitas	Ya	Tidak	Komentar
1	Bubuka a. Siswangarésponnalika Guru macakeunabsén b. Siswangarti kana motivasi jeung pangajaran c. Siswangarti kana Kompetensi Dasar nu kudu di hontal			
2	Kagiatan inti a. Siswangaregepkeun b. Siswangaregepkeun sarta maca conto karangan c. Siswan anyahalan uteudipikaharti d. Nyieun karangan Éséy nu téman atisabudeureun siswa e. Ngoréksika salahanna likanyieun karangan Éséy			
3	Panutup a. Ngaregepkeun pedaranti guru ngeunaan hasil karyana			
Jumlah				
Presentase				

Keterangan : Béréta *check list* (√) dina kolom YA lamunkatiténdilaksankeun, atawa dina kolom TIDAK lamunteukatiténdilaksanakeun.

Catetan Observer :

Observer

Bandung, Mei 2012

Panalungtik,

Dea Shaleha

NIP/NIM.

NIM.0801181

c. Catetan Lapangan

Catetan lapangan dieusian ku observer salaku catetan salila prosés pangajaran nu mangrupa catetan ngeunaan lumangsungna pangajaran nu henteu nyampak dina lambaran observasi.

Tabél 3.6

Lambaran Catetan Lapangan

Wasta Observer :

Poé, Ping :

Jam :

Catetan Lapangan	Réfleksí Analisis Lapangan

3.6 Produr panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan ngawengku sababaraha kagiatan nu dilaksanakeun salila panalungtikan lumangsung, diantarana waé:

1. Repleksi tina awal pangajaran nulis éséy kelas VIII.3.
2. Ngaidentifikasi pasualan nu aya di siswa ngeunaan bangbaluh pangajaran nulis éséy.
3. Nangtukeun pamarekan pangajaran nu baris digunakeun dina pangajaran nulis éséy.
4. Nangtukeun jumlah siklus dina ngalaksanakeun panalungtikan tindakan kelas, nya éta dua siklus.
5. Nyusun rarancang, nya éta nyusun Rencana Pelaksanaan Pengajaran (RPP), anu ngawengku : standar kompetensi, kompetensi dasar, indikator pencapaian, alokasi waktu, tujuan pembelajaran, materi ajar, metode/pamarekan/model, léngkah-léngkah kagiatan, alat/sumber pangajaran, tés jeung evaluasi.
6. Nyieun instrument panalungtikan pikeun masing-masing siklus, nu diantarana: Lambaran observasi aktivitas guru, lambaran observasi aktivitas siswa, jeung lambar catetan lapangan.
7. Ngajukeun proposal panalungtikan ka jurusan.
8. Nyusun bab I, II, III
9. Bimbingan bab I,II,III
10. Sidang skripsi.

3.7 Téhnik Analisis Data

Dea Shaleha, 2012

Pamarekan *Contextual Teaching Learning Tipe Inquiry* Pikeun Ngronjatkeun Kamampuh Nulis Essey

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Analisis data dilakukeun dina unggal siklus, salaku bahan réfléksi pikeun ngalaksanakeun siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, anu ngawengku :

1. Panalungtik ngumpulkeun sakabéh data nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, mariksa jeung milih data anu satuluyna dikumpulkeun dumasar kana fokus pasualanana.
2. Nganalisis data, hasil tést nulis éséy unggal tindakan pikeun mikanyaho hasil tina panalungtikan. Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) pangajaran basa sunda SMP Negeri 16 Bandung nya éta 72. Siswa disebut tuntas dina ieu panalungtikan nya éta siswa anu bisa ngahontal peunteun ≥ 72 , sedengkeun siswa nu peunteunna ≤ 72 disebut can tuntas.
3. Nganalisis hasil observasi aktivitas guru jeung siswa ngaliwatan ngitung unggal presentasi ti observer jeung nganalisis catetan lapangan.
4. Nganalisis hasil prosés diajar, nya éta nyindekkeun ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina pangajaran nulis éséy jeung observer.